

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan tina panalungtikan, implikasi, jeung rékoméndasi.

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil panalungtikan jeung pedaran dina bab saméméhna, ieu hasil panalungtikan bisa dicindekeun saperti ieu di handap.

Kamampuh siswa dina nulis téks déskripsi saméméh ngagunakeun model PWI kaasup kana katégori kurang kalawan rata-rata nilai 50,84. Tina 25 siswa aya 1 siswa (4%) anu meunang nilai kalawan katégori hadé, 3 (18%) siswa meunang nilai kalawan katégori cukup, sarta aya 21 (84%) siswa anu meunang nilai kalawan katégori kurang.

Lian ti nilai kasaluruhan, kamampuh siswa dina nulis téks déskripsi saméméh ngagunakeun model PWI ogé bisa ditingali tina aspék-aspékna. Kahiji, aspék eusi ngahontal 49% kalawan nilai rata-rata 12,2 tina skor maksimal 25 sarta kaasup katégori cukup. Kadua, dina aspék organisasi ngahontal 55% kalawan rata-rata 11,08 tina skor maksimal 20 sarta kaasup katégori cukup. Katilu, tina aspék kosa kecap/diksi ngahontal 48% kalawan rata-rata 9,64 tina skor maksimal 20. sarta kaasup katégori cukup. Kaopat, dina aspék tata basa jeung struktur ngahontal 45% kalawan rata-rata 11,36 tina skor maksimal 25 sarta kaasup katégori cukup. Kalima, dina aspék éjahan jeung tanda baca ngahontal 58% kalawan rata-rata 2,88 tina skor maksimal 5 sarta kaasup katégori cukup. Pamungkas dina aspék karapihan ngahontal 74% kalawan rata-rata 3,68 tina skor maksimal 5 sarta kaasup katégori hadé. Ku kituna, bisa dicindekkeun aspék nu pangluhurna dina hasil *pretest* nyaéta aspék karapihan sedengkeun aspék panghandapna nyaéta tata basa jeung struktur.

Kamampuh siswa dina nulis téks déskripsi sabada ngagunakeun modél PWI kaasup kana katégori hadé kalawan rata-rata nilai 80. Tina 25 siswa aya 2 siswa anu meunang nilai kalawan katégori hadé pisan, 16 siswa meunang nilai kalawan katégori hadé, sarta 7 siswa anu meunang nilai kalawan katégori cukup.

Lian ti nilai kasaluruhan, kamampuh siswa dina nulis téks déskripsi sabada ngagunakeun model PWI ogé bisa ditingali tina aspék-aspékna. Kahiji, dina aspék eusi ngahontal 77% kalawan nilai rata-rata 19,2 tina skor maksimal 25 sarta kaasup katégori hadé. Kadua, dina aspék organisasi ngahontal 88% kalawan nilai rata-rata 17,6 tina skor maksimal 20 sarta kaasup katégori hadé. Katilu, dina aspék kosa kecap/diksi ngahontal 80% kalawan rata-rata 16 tina skor maksimal 20 sarta kaasup katégori hadé. Kaopat, dina aspék tata basa jeung struktur ngahontal 74% kalawan nilai rata-rata 18,6 tina skor maksimal 25 sarta kaasup katégori hadé. Kalima, dina aspék éjahan jeung tanda baca ngahontal 83% kalawan nilai rata-rata 4,16 tina skor maksimal 5 sarta kaasup katégori hadé. Pamungkas dina aspék karapihan ngahontal 87% kalawan nilai rata-rata 4,48 tina skor maksimal 5 sarta kaasup katégori hadé. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén aspék pangluhurna din *posttest* nyaéta aspék karapihan, sedengkeun aspék panghandapna nyaéta aspék tata basa jeung struktur.

Tina hasil *pretest* jeung *posttest* di luhur, katitén yén aya béda antara kamampuh saméméh jeung sabada ngagunakeun model PWI boh ditilik tina hasil rata-rata nilai, boh ditilik tina unggal aspékna. Upama ditilik tina rata-rata nilai, nu asalna 50,84 kalawan katégori cukup ngaronjat jadi 80 kalawan katégori hadé kalawan aya béda nilai 29,16. Kitu ogé dina perséntaseu nilai unggal aspékna. Aspék eusi ngaronjat 28%, aspék organisasi ngaronjat 33%, aspék kosa kecap / diksi ngaronjat 32%, aspék tata basa jeung struktur ngaronjat 29%, aspék éjahan jeung tanda baca ngaronjat 29%, sarta aspék karapihan ngaronjat 16%.

Tina pedaran di luhur, nuduhkeun yén aya béda antara rata-rata nilai saméméh jeung sabada dilarapkeun model PWI. Pikeun validasi panalungtikan, unggal data diuji maké uji normalitas jeung uji hipotésis. Uji normalitas dina ieu panalungtikan ngagunakeun uji Shapira-Wilk nu hasilna nya éta *pretest* $<0,001$ sedengkeun *posttest* 0,476. Aya salasahiji data nu $<0,05$ ku kituna, H_1 ditarima jeung H_0 ditolak sabab miboga distribusi data anu teu normal. Ku sabab datana teu normal, satuluyna uji hipotésis dilakukeun ngagunakeun statistik non-paramétrik. Uji anu dipakéna nyaéta uji *Wilcoxon*. Hasilna katitén yén nilai signifika (sig) $<0,001$ nu hartina leuwih leutik ti batan 0,05. Ku kituna, bisa dicokot kaputusan H_1 ditarima. Dumasar kana data di luhur, sacara déskriptif kapaluruh yén aya bédana antara kamampuh siswa kelas VIII-I SMP Negeri 9 Bandung dina nulis téks déskripsi saméméh jeung

sabada ngagunakeun model PWI. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén model PWI bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis téks déskripsi.

5.2 Implikasi

Dumasar kana kacindekan di luhur, katitén yén sabada dilarapkeun modél PWI dina pangajaran nulis téks déskripsi, siswa jadi bisa mekarkeun gagasan kana wangun kalimah, tina kalimah jadi wangun paragraf, sarta tina paragraf jadi hiji karangan. Lian ti éta, ayana ieu modél bisa mantuan siswa dina nambahan kosa kecapna ku cara niténan gambar nu disadiakeun. Nalika pangaweruh ngeunaan kosa kecap leuwih jembar antukna siswa jadi leuwih bisa mekarkeun gagasan sacara leuwih mundel. Éta hal luyu jeung konsép utama tina ieu model nyaéta prosés mikir sacara induktif, hartina ieu model mémang bisa mantuan siswa dina prosés nulis sacara runtut ti mimiti pra nulis (nangtukeun ideu, nyiapkeun judul), nulis (prosés mekarkeun gagasan kana wangun tulisan) jeung pasca nulis (ngédit jeung ngarévisi tulisan). Ahir tina ieu prosés, kamampuh siswa dina nulis bisa ngaronjat. Ku kituna bisa dicindekkeun yén model PWI bisa méré implikasi anu hadé pikeun nulis téks déskripsi.

Modél PWI bisa méré implikasi nu hadé upama aya rojongan ti sababaraha aspék contona waé kasiapan guru dina ngajar. Ku kituna, guru perlu nyiapkeun rancangan pangajaran nu luyu jeung konsép model sarta kabutuhan siswa, kaasup dina téknik jeung taktik ngajar nu kudu bisa ngirut jeung nyieun suasana kelas jadi pikaresepeun. Lian ti éta, dina ngalarapkeun ieu model ogé perlu merhatikeun media gambar nu bakal dipaké sangkan bisa leuwih optimal dina mantuan siswa ngahontal tujuan pangajaran nu geus ditangtukeun.

5.3 Rékomendasi

Dumasar hasil panalungtikan, aya sawatara rékomendasi anu bisa ditepikeun dina ieu panalungtikan diantarana nyaéta

- a. model PWI bisa dijadikeun alternatif dina matéri pangajaran basa naon waé nu patali jeung kaparigelan nulis;

- b. ieu panalungtikan bisa dimekarkeun leuwih hadé ku cara panalungtikanna dibarung ku media anu bisa leuwih ngarojong contona waé bisa maké media gambar 360° atawa maké VR sangkan leuwih digital jeung ngirut; sarta
- c. perlu diayakeun deui panalungtikan ngeunaan model PWI dina pangajaran séjénna hususna dina kamampuh maca, sabab konsép utama tina ieu modél téh lian ti bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis, bisa ogé dipaké pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca.